ФИДЫД

Цæгат Ирыстон-Аланийы (Уæрæсейы Федераци) Хицауад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады ‘хсæн социалон-экономикон, зонадон-техникон æмæ культурон æмгуыстады фæдыл

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы (Уæрæсейы Федераци) Хицауад æмæ Республикæ Хусссар Ирыстоны Хицауад, дарддæр – Дыууæ Фарсы,

2008 азы 17 сентябры арæзтæрцæуæг Уæрæсейы Федераци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны æхсæн хæлардзинад, æмгуыстад æмæ кæрæдзион æххуысы тыххæй Бадзырды уагæвæрдтæй къухдариуæггæнгæйæ,

Социалон-экономикон, зонадон-техникон æмæ культурон бастдзинæдтæ рауæрæхдæр æмæ фидардæр кæныны, æппæтварсон æмгуыстады дарддæры рæзтæн хæрзиуæгон уавæртæ саразыны æнæмæнгхъæуындзинадæй къухдариуæггæнгæйæ,

дыууæ республикæйы бынæттон адæмы этникон иудзинады бындурыл арæзтæрцæуæг социалон сферæйы алы къабæзты æмæ æхсæнадон царды æнгом æмгуыстады историон традицитæ хынцгæйæ,

Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл регистрациæрцæуæг хæдзариуæггæнæг субъекттæн (дарддæр - хæдзариуæггæнæг субъекттæ) æддагэкономикон архайды хайадисттæн хæрзиуæгон уавæртæ саразынæн ахсджиаг нысаниуæг дæтгæйæ,

сразы сты дæлдæруæвæгыл:

Уац 1

Дыууæ Фарсы æххæст кæнынц социалон-экономикон, зонадон-техникон æмæ культурон æмгуыстад Уæрæсейы Федераци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадтæм гæсгæ, ахъаз кæнынц, ахæм æмгуыстад Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны ‘хсæн рæзын кæнынæн, сæ æрдзон æмæ куысты ресурстæй эффективонæй спайда кæныны нысæнттæн, адæмы царды æмвæзад фæбæрзонддæр кæнынæн, экономикон, зонадон æмæ культурон потенциалæй æххæстдæрæй спайда кæнынæн.

Уац 2

Дыууæ Фарсы сæ барты фæлгæтты разæнгард кæнынц комкоммæ контакттæ Дыууæ Фарсы хицауадон органтæ æмæ хæдзариуæггæнæг субъектты ‘хсæн.

Дыууæ Фарсы ахъаз кæнынц бирææмгъуыдон партнерон ахастытæ аразынæн æмæ, хъæууонхæдзарадон продукци рауадзын, бакусын æмæ реализации кæныны, сæудæджерад, арæзтад, транспорт æмæ бастдзинады, æртагон-энергетикон комплексы рæзты сферæйы æмгуыстады рæзтæн.

Дыууæ Фарсы ахъаз кæнынц иумæйаг инвестицион архайдæн Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл.

Уац 3

Социалон-экономикон, зонадон техникон æмæ къультурæйы къабазы æмгуыстад æххæст цæуы бадзырдты (контрактты) бындурыл, кæцытæ æрæзт цæуынц хæдзариуæггæнæг субъектты ‘хсæн, сæ компетенцийы фæлгæтты æмæ Уæрæсейы Федераци æмæ/кæнæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадтæ æмæ æндæр дунеон бадзырдтæм, кæцыты хайадисджытæ сты Уæрæсейы Федераци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстон. Уыйимæ бадзырдтæ (контракттæ) æххæст кæныны тыххæй бæрндзинад хæссынц сæ саразæг хæдзариуæггæнæг субъекттæ.

Уац 4

Дыууæ Фарсы сæ компетенцийы фæлгæтты æппæтæй дæр ахъаз кæнынц Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны ‘хсæн культурæйы, зонады æмæ ахуырады къабазы бастдзинæдты размæцыдæн æмæ æххуыс кæнынц:

Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны культурон уагдæттæ, сфæлдыстадон цæдистæ æмæ организациты ‘хсæн æмгуыстадæн;

информацион къабазы æмгуыстадæн;

ахуырадон уагдæттæ, зонадон куыстуæттæ æмæ организациты ‘хсæн бастдзинæдтæ рæзын кæнынæн;

Республикæ Цæгат Ирыстон Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны ахуыргæнæн уагдæтты ахуырдзаутæ,

студенттæ, ахуыргæнджытæ, зонадон кусджытæ æмæ специалисттæй кæрæдзимæ æрвитынæн баивдæй;

æнæниздзинад хъахъхъæнын, физикон культурæ, спорт æмæ туризмы къабазы æмгуыстадæн;

æхсæнадон организациты ‘хсæн æмархайд рæзын кæнынæн.

Уац 5

Дыууæ Фарсы сæ компетенцийы фæлгæтты аразынц хæрзвадат уавæртæ кæрæдзимæ бæлцæттæ æмæ уæзтæ ласынæн.

Дыууæ Фарсы ахъаз кæнынц Республикæ Цæгат Ирыстон- Алани (Уæрæсейы Федераци) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл цæуæг транзитон-транспортон магистралтæ æмæ фæндæгтæй пайдакæнынад уæрæх кæнынæн.

Уац 6

Дыууæ Фарсы сæ компетенцийы фæлгæтты реализаци кæнынц иумиаг программæтæ æмæ плæнттæ лигъдæттæ æмæ æнæбарвæндонæй алидзæг адæмы æрбынæттон кæныны фæдыл.

Уац 7

Ацы Фидыд æмбарын кæнын æмæ дзы пайда кæнынмæ хауæг фарстатæ скъуыддзаг цæуынц баныхæсты фæрцы.

Ацы Фидыдмæ ивындзинæдтæ æмæ баххæсткæнинæгтæ бахæссæн ис Дыууæ Фарсы æмразыдзинадмæ гæсгæ. Ивындзинæдтæ æмæ баххæсткæнинæгтæ фидаргонд цæуынц уæлæмхасæн суагъæтæй.

Уац 8

Ацы Фидыд реализаци кæныны нысанæн Дыууæ Фарсы бæрнджын органтæ сты:

цæгатирыстойнаг Фарсæй - Цæгат Ирыстон-Аланийы Экономикон рæзты министрад,

хуссарирыстойнаг Фарсæй - Республикæ Хуссар Ирыстоны Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрад.

Уац 9

Ацы Фидыд арæзт цæуы фондз азы æмгъуыдмæ æмæ йæ тыхы цæуы, йæ тыхы бацæуынæн æнæмæнгхъæуæг чи у, уыцы мидæггагон процедурæтæ сæххæст кæныны тыххæй Дыууæ Фарсы ‘рдыгæй дæр фыстæй хъусинаг райсыны бонæй.

Фидыд автоматикон æгъдауæй дардæргонд цæуы радон фондзазон æмгъуыдтæм, кæд æмæ йæ радон æмгъуыды фæуыдæй æппынкъаддæр æхсæз мæйы раздæр Дыууæ Фарсæй иу иннæ Фарсæн йæ архайд æруромыны фæндон фыстæй нæ фехъусын кæна, уæд.

Ацы Фидыды архайд æруромын нæ хъыгдары программæтæ, проекттæ æмæ æмгуыстады æндæр хуызты архайд, кæцытæ уæвынад кодтой ацы Фидыды рæстæджы æмæ æххæст не ‘рцыдысты йæ архайд æруромыны æмгъуыдмæ.

Арæзт æрцыд сахар_____ 20___ азы _____ «____» - æм боны дыууæ экземплярæй, алкæцы дæр дзы уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл, уымæй дæр дыууæ текстæн дæр ис æмхуызон тых.

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы (Уæрæсейы Федераци) Хицауады номæй	**Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады номæй**
МАМСЫРАТЫ Т._____	ТЫБЫЛТЫ Л._____